# GEOGRAFIYA PÁNIN OQÍTWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANÍWDÍŃ ÁHMIYETI

**Esenova I.M.,**
**Kurbanazarov B.M.,**
*Qoraqalpoq davlat universiteti, O‘zbekiston*

***Аннотация:*** *Предмет "География" имеет особое значение в достижении высоких результатов в учебном процессе в общеобразовательных школах. Поэтому мы добьемся хороших результатов, если будем использовать в преподавании "Географии" не традиционные, а интерактивные методы. В статье представлены предложения по организации нетрадиционных уроков с использованием интерактивных средств в преподавании «Географии».*

***Ключевые слова:*** *Нетрадиционный урок, обучение географии, интерактивный метод, оценивание, игровая методика, инновационный процесс, презентация.*

***Abstract:*** *The subject "Geography" has a special importance in achieving high results in the learning process in general education schools. Therefore, we will achieve good results if we use not traditional but interactive methods in teaching "Geography". The article presents suggestions for organizing non-traditional lessons using interactive means in teaching "Geography".*

***Key words:*** *Non-traditional lesson, geography education, interactive method, assessment, game technique, innovative process, presentation.*

Ózbekstan Respublikası rawajlanıw jolında xalıqtıń bay ruwxıy potencialı hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa hám de házirgi zaman mádeniyatı, ekonomikası, ilimi, texnikası hám texnologiyasınıń sońǵı jetiskenliklerine tiykarlanǵan tálim-tárbiya sistemasın, sonıń menen birge, milliy pedagogika hám zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardıń teoriyalıq hám metodikalıq tiykarların jaratıw hám de ámeliyatta qollanıw, milliy tálim sistemasın reformalaw, onıń potencialın jáhán kólemine alıp shıǵıw, tálim bazarın jaratıw hám básekege shıdamlı qániygelerdi tayarlaw wazıypasınan kelip shıǵadı.

Búgingi kúnde mámleketimizde jetik qániygelerdi tayarlawǵa qaratılıp atırǵan itibar da ayrıqsha áhmiyetke iye. Bunıń birǵana mısalı retinde ǵárezsizligimizdiń birinshi jıllarınan baslap jaslardıń tálim hám tárbiyasına qaratılǵan Ózbekstan Respublikasınıń "Bilimlendiriw haqqında"ǵı nızamı hám de "Kadrlar tayarlawdıń milliy dástúri"niń qabıl etilgenligi jás áwlad keleshegi ushın úzliksiz tálim sistemasınıń jaratılıp atırǵanlıǵı da bilimlendiriw tarawına qaratılıp atırǵan itibardıń dálili dep aytsaq ta boladı.[1]

Házirgi kúnde bilimlendiriw tarawınıń nátiyjeliligin asırıwda tiykarǵı háreketlendiriwshi kúshi pedagogikalıq texnologiyalardı ámeliyatta qollanıwdan ibarat bolıp, bunda tiykarınan avtoritar pedagogikadan, «sheriklik pedagogikası» texnologiyasına ótiwimiz kerek. Keyingi jıllarda Ózbekstanda bilimlendiriw tarawınıń maqseti hám mazmunı jańalanıp barmaqta, tiykarǵı itibar básekege

shıdamlı jetik kadrlardı tayarlawǵa qaratılǵan bolıp, bunda tiykarǵı wazıypa oqıtıwshılarǵa qaratılǵan. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerine oqıtıwshı tárepinen orınlanatuǵın zárúrli wazıypa oqıwshılardıń bilim, kónlikpe hám ilmiy tájriybelerin keleshek ómirinde ámelde qóllana alıwdan ibarat. Hár bir oqıtıwshı oqıwshıǵa shaxs retinde qarawı lazım. Sebebi mektepke kirgen hár bir oqıwshı –erteńgi kúndegi jámiyet aǵzası, keleshek iyesi bolıp tabıladı.

Ulıwma bilim beriw mekteplerine sabaqlardı shólkemlestiriwde interaktiv metodlardan hám kompyuter texnologiyalarınan paydalanıw tek ǵana oqıtıwshınıń waqtın únemdep qoymastan, oqıwshılardıń sabaqta aktiv qatnasıwına, jaqsı túsiniwlerine járdem beredi. Sebebi kompyuter texnologiyası hám interaktiv metodlar járdeminde sabaqta berilgen maǵlıwmatlardı ózlestiriwde oqıwshılar teoriyanı ámeliyatqa baylanıstırıwǵa sharayat jaratıladı. Bul oqıwshılardıń teoriyalıq alǵan bilimlerin kúndelikli turmısta ámeliyatta qollana alıw kompetenciyasın qáliplestiredi.

Mekteplerde geografiya sabaqların ótiwde oqıwshılarda geografiya pánine tiyisli ulıwma kompetenciyalardı qáliplestiriwde jámiyet hám tábiyaattıń óz-ara baylanıslılıǵı, geografiyalıq obyektler, process hám hádiyseler, jer júzindegi tábiyat kórinisi, tábiyttan aqılǵa muwapıq paydalanıw, global ekologiyalıq mashqalalar haqqında pikirler almasıwǵa úyretiw, tábiyaattı qádirlew hám qorǵawda alǵan teoriyalıq bilimlerin ámelde paydalanıwdı úyretedi. Bul interaktiv metodlardı paydalanıwda oqıtıwshı oqıwshınıń jasına hám ótiletuǵın sabaq temasına sáykes halda tańlanıwı lazım. Sonıń menen birge bul metodlardı innovciyalıq texnologiyalar járdeminde sabaq dawamında qollanılsa oqıwshılardıń pánge bolǵan qızıǵıwshılıǵı artıwına xızmet etedi. Biz tómende geografiya sabaqlarında qollanılatuǵın interaktiv metodlar hám elektron platformalrına toqtalıp ótemiz.

Joqarı klass oqıwshıları arasında sabaqqa geografiya sabaqlarında ótilgen temaǵa baylanıslı maǵlıwmatlardı "Toparlarǵa bóliw" grafik organayzerinen paydalanılsa boladı.Bunda oqıwshılar úyrenilip atırǵan temanıń tiykarǵı ózgesheliklerin anıqlaw, maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıwdı úyrenedi. Onı paydalanıwda oqıwshılar logikalıq pikirlew, maǵlıwmatlardı analizlew hám bir sistemaǵa keltiriw kónlikpeleri qáliplesedi. [2]

**"5*5 viktorina oyını"** Bu metoddan geografiya sabaqlarınıń bekkemlew bóliminde paydalanıwǵa boladı. "5*5 viktorina oyını" 5 tapsırmadan ibarat bolıp, hár biri 5 ballıq sistemada bahalanıp baradı. Mısalı "Dáriyalar. Kóller hám muzlıqlar" temasına tiyisli tapsırmalardı oqıwshılar tazadan ótilgen temanı bekkemlew ushın orınlawı múmkin.Bunda taza temanı bekkemlewde oyın formasında alıp barılǵanlıǵı ushın oqıwshılarda pánge bolǵan qızıǵıwshılıǵı artadı. Olardıń tapqırlıq, oylaw dárejesi, pikirlew qábiletin rawajlandıradı.

1. "BLIS"soraw tapsırmaları. Forması:"awa-yaq".
2. Kontur karta.(jazıwsız karta menen islesiw).
3. Tábiyiy karta.(karta menen islesiw)
4. Eń, eń, eń......(keste toltıradı).

5. Kim tez tabadı.(jumbaqtıń juwabın tabıw).

**“Úsh tuwrı bir nadurıs”metodı.** Qaǵıydası hár bir qatnasıwshı bir betten qaǵazda úyrenilip atırǵan yamasa úyrenilgen tema boyınsha 3 tuwrı pikir hám bir nadurıs pikirdi jazadı. Qatnasıwshılar juplıqlarǵa bólinedi, jazǵan qaǵazları menen almasadı hám qaysı pikir nadurıs ekenligin anıqlaydı. Abzallıqları gúzetiwsheńlikti rawajlandıradı, maǵlıwmatlardı tańlap alıw kónlikpesin islep shıǵadı, balalardı qáte tabıw hám durıs pikirdi tańlawǵa úyretedi. Oqıtıwshıǵa oqıwshılardıń bilimlerin tekseriwge múmkinshilik beredi.Bul metodtı úy jumısın tekseriw waqtında, temanı bekkemlewde paydalansa boladı.

Sonday-aq innovciyalıq texnologiyalar járdeminde sabaq dawamında qollanılsa bolatuǵın platformalar haqqında qısqasha toqtalıp ótemiz. Bunday platformalardıń biri *Wordwall* platforması bolıp bul platforma arqalı geografiya sabaqlarında úy wazıypasın sorawda yamasa ótilgen sabaqtı bekkemlewde paydalansa boladı. Platformada testler islew, qosımsha sorawlar jazıw, diagrammalar dúziw hám basqa de múmkinshilikler jaratılǵan. Bul platformada geografiya páninen basqa ustazlar tárepinen jaratılǵan sabaqǵa tiyisli bolǵan qızıqlı didaktik oyınlardı da tabıw múmkin. Sonıń menen birge platforma járdeminde qızqlı karta, baraban aylandırıw, toparlarǵa bóliw tárizli oyınlardı shólkemlestiriw múmkinshilikleri jaratılǵan. Bul platformanıń eń qolay tárepi az waqıt ishinde interaktiv oyınlardı shólkemlestirse boladı. Sabaqlarda ınteraktiv metodlar hám kompyuter texnologiyalardan nátiyjeli paydalanıw oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan intasın asırıadı.[4]

Bunnan tısqarı, biz geografiya sabaqların sapalı shólkemlestiriw ushın qolaylı platformalardan (Google Earth Win, Banditsam, Ispring, Eclipses Crossword, Crossword Tools) járdeminde úyreniw natiyjeliligin asırıw múmkinshiligine iyemiz. Biraq bul múmkinshiliklerden paydalanıw oqıtıwshıdan óz ústinde kóp izertlewlerdi talap etedi.[3]

Juwmaqlap aytqanda, geografiya sabaqların dástúriy emes usılda kompyuter texnologiyalarınan paydalanǵan halda shólkemlestirilse oqıtıwshı-oqıwshı ortasında baylanıs ornatıladı. Yaǵnıy, bul hár bir oqıwshını jańalıqqa jetekleydi, onıń ǵárezsiz erkin pikir júrgiziw qábiletine unamlı tásir kórsetedi, oqıwǵa bolǵan belsendiligin asıradı sonday-aq sabaqqa juwapkerlik penen qaraytuǵın boladı. Bul óz gezeginda oqıwshınıń bilimlerin bekkem hám puqta ózlestiriliwine hám ótilgen sabaq boyınsha bilimlerdiń nátiyjeliligin asırıwǵa kepillik beriledi. Solay eken “Eń úlken baylıq - bul aqıl -ziyreklik hám ilim, eń úlken miyras - bul jaqsı tárbiya, eń úlken kámbaǵallıq - bul bilimsizlik bolıp tabıladı”.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ўзбекистон Республикасининг Президентининг 2020 йил 23 сентябрдаги ЎРҚ-637-сон “ Таълим тўғрисидаги” қонуни
2. Ходжаева Г. А., Жиемуратова Г. Ө. География сабақларын оқытыўда өзбетинше тапсырмаларды пайдаланыўдың әҳмийети //Илим ҳәм жәмийет. – 2020. – Т. 2. – С. 66-68.

3. Xodjaeva G.A., Jiemuratova G. Geografiya darslarida o’quvchilarning kreativ fikrlashini shakillantirish masalalari// Янгиланаётган Ўзбекистонда география: фан, таълим ва инновация республика миқиёсидаги илмий-амалий конференция, Тошкент, 15-декабрь, 2021. 352-354 б
4. Esenova I. M. //Innovatsion texnologiyalar yordamida geografiya darslarini tashkillashtirishning ahamiyati//. Konferensiyalar. Conferences. – 2024. – Т. 1. – №. 11. – С. 358-360